

## Wolofalu Måggal gu Njëkk gi

[Page 1]

Bismi l-Lāhi Rahmāni Rahīmi qaṣida gii mu ngi jēm ci Måggalug Tuubaa  
muy måggal gu njëkk gi. Wa şalla l-Lāhu ‘alā sayyidinā Muḥammadin wa sallim.  
  
Bismi ilaahi nu doora tambale wax  
  
Na nga nu aar musël nu may nu ak sax  
  
Yaa moom sunuy wax boole moom sunuy jëf  
  
Sunu lépp yaa ko moom fabal sunuy yëf  
  
Yow bu la soobee def sa waa yi al-insān  
  
Khiyāru l-abrār teg ca may ko al-iḥsān  
  
Yaa def ci nit melo wu deesi sopp  
  
Defaat ci moom leneen lu gaa yay topp  
  
Jiital nga waay te boole kook ay gaayam  
  
Muriid yitéem ja moo di déglu waayam  
  
Bindéef yi yeen nooy bëgga waxtaan ak yeen  
  
Na ngeen déglu kon nu jóg xamal leen  
  
Xamal leen lu gën te mooy waral seen yool ba  
  
Mooy jëfe ndigël yeen gaa yi yokk tool ba  
  
Na ngeen di sóobu yoonu måggal Mustafaa  
  
Ngir moo nu may lu mat Marwataak Safaa  
  
Shaykh Mustafaa moo woote Tuubaa måggal  
  
Moo tax nu xam ko tay ku ne ngi måggal  
  
Moo nu xamal mbooleem måggal yu xew tay  
  
Moo nu xamal måggug bindéef yu xew tay  
  
Moo nu defal xéewalu bis bi am tay

Moo nu sagal noppal nu Mbàkke ëskëy

Dogoon koonak moom shaykh yi dox di wuute

Tey bindi leetar yoon yi mel ni yoote

[Page 2]

Ba xam ne foo fi dem taseek kuy wuute

Tey wax bindéef yi yeen bu ko kenn wuute

Bu ñu ame ndigël lu Mustafaa joxe

Amul ku des keroog te yoonam du njaaxe

Mooy bis bu yàgg lool di Yawm al-Ahdi

Allaahu jël xéewal yi booleek Hamdi

Tafaa di tuur xéewal yi saaw di baawaan

Naatal bindéef yi tax ñu bàyyi laawaan

Seetal ma bis ba Mustafaa def Tuubaa

Jariñ bindéef yépp noppal na Tuubaa

Moom laa fi jis baaxam ga baaxal gaa ña

Làmpu ngënéel ba leer na feeñal gaa ña

Jaaraama Mustafaa sa ngir mi yaa na

Yokk nga tool bi dem na fépp laa na

Foo fi taxaw defe ni Tuubaa la

Kii du moroom ràngoo na leeri Yàlla

Dogoon kon ak moom Mákka suul tay Mbàkke

Waaye ku dem fa Mákka tay ñów Mbàkke

Ku dem Madiina dafay ziyaare yonent ba

Waa Mákka ñów Tuubaa ziyaare Bamba

Saa yoo limee lu mat thalāthu dëkk

Doo too fi jis lu mel ni ñoom ciy dëkk

Shaykh Bamba moo ne yooyu seenub ñenteel

Xajul ci àdduna ku baax ki setteel

Limal ma Mákka yow te lim Madiina

Limal ma Tuubaa yooyu ñooy lamiina

Na nu sóobu Tuubaa na nu ziyaare Bàmba

Ziyaare fa Tuubaa mooy ziyaare yonent ba

[Page 3]

Na nu sóobu Tuubaa yeen rijālu l-Lāhi

Ku topp ngir ma jis Rasūlu l-Lāhi

Jaaraama Mustafaa ma leeral ngir ya

Gindi na fépp wóor na mbooleem kér yaa

Mbóotum Sëriñ bee boole maas yi Tuubaa

Yépp keroog wallaahi seetlul boobaa

Da ngay janook bindéef yi mel ni ram-ram

Wuutewuñook ujaaj ya dem fa zam-zam

Bàjjante baak buuxante baak soppante ba

Moo aaye ca bis ba boole kook tàppante ba

Yëngum masiin ya ak yëngub bindéef ya

Boole na combay leer ga jolli gox ya

Leeram ya jolli jém samaawaati di leer

Foo jëesu yem ci lampa mbaati limiyeer

Pënd ba jolli faam ci kaw bindéef ya

Sikkar sa jollendoo ci biir diiwaan ya

Ñiley duruuq qasiida tey toroxlu

Ñiley wasal Quraan tey barkeelu

Ñii ngi déglu ay waaraatefaf ba waaru

Di yeesalaat pas-pas ba rongoñ tuuru

Mbooleem ku xam du wax ci lii lā shakka

Soo ko xamul noppil ku diiŋat sikk

Bindéefi Tuubaa yi ku leen di bëgg

Deefula yeew deefula njoñ ni mbag

Waa kér Sériñ Tuubaa ku leen di màggal

Deefula mankil yow ku baax ki déggal

Ku seetlu jis keemaan yaw déglul booba

Da nga fa dégg loo xamul woon booba

[Page 4]

Keemaani màggal moom la taaxum sinema

Di soow guddi ak bëccék te am na filma

Mbooleem ku dem jokku nga mbaa nga yokk

Wallaahi lii moo jara gànnaawal mbokk

Ēskëy Shaykh Bamba sa ngir mi tax na

Fum ngir newoon suulu keroog lii sax na

Foo fi xamoon waay da na ñów nga jis ko

Foo fi amoon xarit keroog nga jis ko

Sa mbokk yit mu fa taxaw nga jis ko

Boo ko jisul keroog itam nga dégg ko

Lii moo di tawfeex yu dëppooki xéewal

Deel sànt keroog foo tollu yow kayre soowal

Wallaahi lii ma wax ku dem màggal ga

Da nga fa jis mbooleem bindéef yu màgg

Man defe naa ku dem fa Tuubaa màgg ga

Dhâhir wa bâtinin te booleek àgg

Saa yoo jisee bisi màggal jubsi

Ñéppay sawar di wax xanaa du agsi

Su bis bi agsee kenn du faale tool ba

Ñéppay ñówal Tuubaa keroog ngir yool ba

Bu nu deme Tuubaa ba jis barab ba

Di yéem di sant sunu boroom barab ba

Góor ak jigéen ku dem di sant

Cant ga maase fës ba mel ni jant

Ca booba bis laa jis mu raw Tabaski

Xéewali bis ba moom xajul Tabaski

Da nga jis mbooleem bindéefu sūdān

Da nga jis bindéefu ahlu bīqān

[Page 5]

Da nga jis xeetu bindéef yuy lakk

Misaal ma yaaraam tay bindéefi Mákka

Da nga fa jis ku ñuy sukkal di raamal

Da nga fa dox ba jis ku gaa yay jaamul

Noo mëna mel jis ku la geti Tuubaa

Tiim la ci dhāhir mbaa ci bāṭin booba

Mbooleem ku dem jis lu la jājj booba

Nga jàjuhaat mbaa gëna sopp Tuubaa

Ku mëna jis boo fa deme jis keemaan

Boo dul jis it te dem fa dégg keemaan

Ku nangu bis booba am wér dem ca

Ngir mooy waral mbooleem lu baax nga am ca

Fàggul bisam ba fab hidaaya def ca

Ngir mooy waral Yawmal Qiyaam nga bég ca  
Moo tax bindéef yi yor gémug Ayyuba  
Siggil na Tuubaa gindi gaa yi booba  
Jaaraama Mustafaa ma donn Mustafaa  
Leeram bi jolli ba dem Marwaak Safaa  
Dem na ba Mákka dem Jidda ak Madiina  
Yàlla na nu buur fégal balaa amiina  
Leeram gi jolli fa Tuubaa Mbàkke  
Mooy gindi gaa yi réere Tuubaa Mbàkke  
Leeram ga jolli na ca mbooleem gox yi  
Boole na xel yépp boole wax yi  
Buur Yàlla noo ngi lay dagaan Shaykh Bamba  
Yilif nu fàwwu ñuy jubal ba booba  
Yow kiy taxaw boole bindéef yi sàmm  
Wàññi nu teg nu ci yoon bu jub ak jàmm  
[Page 6]  
Na nga nu boole fab ca kaw laxpandu nu  
Wallaahi kon balaa ya déeg nu aar nu  
Aamiina buur Yàlla defal nu liimaan  
Noppal nu bis pénc nangul nu sunuy ñaan  
Dëppal te jublu léegi Gaynde Fatma  
Xàmmeel bindéef yi Shaykha yor medaay ma  
Du ngeen fi jis ku mel ni Gaynde Fatma  
Dhāhir sa bātin baa ko raw seetal ma  
Sangub bindéef ya feeñ na Tuubaa xool leen  
Jant ba def danq leer na foo seen

Ziyaare leen Shaykh Mbàkke léegi fës na

Baada yi sax ñoo gëna xam ne leer na

Mooy asamaaw siggil te xool mu tiim la

Soo siggiwul xool ko itam mu tiim la

Baaxuk bitéem ga moog gu biir ga siiw na

Sowwooki penku maase ngir ya nooy na

Baaxuk bitéeg gu biir la seex di boole

Dambal jox ku ñów mu may laak doole

Te lii ma wax amul xilaaf lā shakka

Ku weddi lii laajal ma Abdu Sekk

Jis naa ci moom loo xam ne doy na jaamu

Fàwwu ba am ci moom ngérém loo taamu

Tabaarfa kalla yaa di géejuk xam-xam

Fànn yi nooy na Mbàkke yaa dib yaaraam

Shaykh Mbàkke yaa tabe te yaa am diine

Sa baax gi siiw na fépp yaa gën foo ne

[Page 7]

Xam naa ku mel ni moom amul ci yií saa

Bindéef yi war naa sant Bälla Aysa

Man sant naa ba mel ni waa joo xam ne

Xolam ba bùnneex fees na kook fawzayni

Waaye Mbàkke nu gi lay dagaan Yawmal Qiyaam

Xéewal yu doy na nga nu may jàmm ak salaam

Mbooleem muriid yi yeen ñi sopp Tuubaa

Na nu book ñaan buur Yàlla may nu yool ba

Aamiina buur Yàlla defal nu ìmân

Islām wa l-ihsāna tābbal nu Jinān

Bindéef yeen ñaan leen te ñaanal Mustafaa

Aw yiw di dotti waame fāwwu ngir Tafaa

Yàlla na ko Yàlla fal lu raw pal ga

Def nu ay gaayaam nu seere pal ga

Na nga nu boole taas ci barkeb Mustafaa

Dëkkal nu Jannatan al-Na ìm saxal nu fa

Aamiïna aamiïna nee leen aamiïna

Moo jara ñaan ngir mooy boroom lamiïna

Şalli wa sallim sarmadā ‘alā l-nabī

Fi ’āli wa şahbi te jéggal xarnu bi

Allāhuma Şalli wa sallim wa bārik ‘alayhi. Āmīn yā rabbal ‘ālamīna!